

Апрель беттан 26 дийнахь Федерале Къилбен университетехь Нохчийн Республикин Iилманийн академин пайде семиотикин декъан куьйгалхочун Умархаджиев Салаудин физикин-математикин Iилманийн докторан диссертаци чIагIъяр дIадаьхьна. Диссертацин тема: Фукнцийн цхьайолу кепе йоцу шортенашкахь гармоникин анализан операторш таллар (Исследование операторов гармонического анализа в некоторых нестандартных пространствах функций).

Нохчийн Iилманчийн юкъараллин кхин цхьаъ боккха кхиам бу и. Иза Умархаджиев Салаудин дахарехь хилла ца Iаш, доллу нохчийн къоман Iилманан дахарехь боккха кхиам бу. Вай тешна ду кхидIа а, вайн маттана а, Iилманна а Iаламат пайдехь болу Iилма кхиорехь а, даржорехь а цо бечу балха тIехь кхин а дуккха а ирхенаш хирг хилах.

Дала тIаьхье беркате йойла! Дала аьтто бойла!